



## Deklarasyon sou Enpak Ekite: Fèmti Mission Hill School

Tit: Rekomandasyon pou Fèmen Mission Hill K-8 Pilot School

Dat: 27/04/2022

Eske yo te itilize [Racial Equity Planning Tool](#) la?  Wi  Non

Si wi, antre dat rankont REPT a ansanm ak lyen pou mennen w nan REPT ki fini an isit la:

Eske yon manm nan Divizyon pou Lakin nan Egalite, Estrateji ak Opòtinite a te analize deklarasyon sa a?  Wi  Non

Seksyon ki Gen Rapò ak Zouti Planifikasyon Egalite Rasyal BPS yo	Rezime/Motif
1. Pwopozisyon/Prezantasyon ak Enpak <i>Ki rezulta ou dezire nan pwopozisyon/efò a, sitou nan zafè elime direfans? Ki moun ki te dirije travay/planifikasyon sa a, epi èske yo reflete idantite gwoup elèv ak fanmi BPS yo (gwoup ki pi enpòtan yo se moun ki fè pati gwoup Nwa, Latino-ameriken, Azyatik, endijèn, imigran, miltileng, epi ki gen eksperyans nan Edikasyon Espesyal la)?</i>	Rekomandasyon pou fèmen Mission Hill K-8 PIlot school vize asire ke tout elèv aktyèl yo pral gen opòtinite pou aprann nan yon anviwònman fizik ak emosyonèl kote yo kapab fleri akademikman ak sosyalman.  Ankèt ekstèn ki apèn konplete pa kabinè avoka Hinckley Allen ki dokimante domaj yo lakoz sou timoun ak fanmi yo pandan dènye deseni pase a. Rapò a endike klèman ke tout tantativ entèvansyon pa t anrejistre yon nivo pwogrè akseptab. Menm avèk divès entèvansyon serye pandan Ane Lekòl 2021-22, ki gen ladan I retrè direktè lekòl ak lòt edikatè yo, apò yon soutyen enpòtan nan Biwo Santral ak yon fòmasyon apwofondi pèsonèl la, lekòl la pa t reyisi amelyorasyon nesesè. Malerezman, sa te mennen nan konkliyon ke timoun yo pral kontinye sibi divès domaj si lekòl la rete ouvri.
2. Aliyman ak Plan Estratejik la <i>Kijan pwopozisyon/efò a aliyen ak plan estratejik distri a?</i>	Pwopozisyon sa alinye avèk angajman swivan yo nan Plan Estratejik la: <b>2.7 Fè chak lekòl vin yon espas sen pou chak elèv BPS</b> , ofri sipò ak pwoteksyon nesesè pou aprann, grandi, epi pwospere. <b>2.5 Mete an èv divès atant ak pwogram etid elementè ki rigoure e koyeran</b> pou prepare tout elèv yo pou lekòl segondè, ki gen ladan yo pwogram nan domèn syans ak matematik.
3. Analiz Done <i>Ki done yo te analize? Èske yo te divize l selon ras ak lòt gwoup ki pi enpòtan yo? Kisa l te revele konsènan diferans yo?</i>	Rekomandasyon sa ankre nan done swivan yo: <ul style="list-style-type: none"><li>Senk rapò ekstèn ki ateste yon kilti ak yon klima kote elèv yo te viktima plizyè fwa de enkondwit seksyèl ki pa rezoud, kondwit fonde sou prejije ak entimidasyon sou yon peryòd diz an.</li><li>Efektye divès ranwa vantile pa ras, sèks ak nati enkondwit.</li><li>Done akademik ki demontre laj eka reyisit ak kwasans ant elèv Blan, Nwa, ak Latino<sup>1</sup> yo, elèv andikape yo, ak aprenan anglè yo (Lekòl la te nan eta Transfòmasyon depi twa zan epi rete klase nan 5% lekòl nan Commonwealth la).</li><li>Tout notasyon non-konfòmite nan respè dèle edikasyon espesyal tankou achèvman ak mizannèv Plan Edikasyon Endividyalize yo, reyalizasyon egzamen anyèl yo ak reevalyasyon twa zan yo.</li></ul>
4. Angajman Aktè yo <i>Ki moun yo te angaje (kantite, gwoup ki pi enpòtan yo ak wòl), kijan ak kisa sa a bay? Kisa elèv/fanmi pwopozisyon/efò sa te pi afkete yo te di?</i>	Akoz de nati sansib envestigasyon an, yon angajman jeneralize pa t apwopriye. Nou rekonèt ke sis mwa atant te fristran pou kominate lekòl la; sepandan, se te yon enerperatif pou nou fini yon egzamen de fon an konb alegasyon trè grav yo ak ki repann yo
5. Estrateji san Patipri sou Keson Ras <i>Kijan pwopozisyon/efò sa a fè bese diferans yo epi ogmante egalite rasyal</i>	Mission Hill te dezinye kòm youn nan 32 lekòl Transfòmasyon BPS depi twa ane. Pa sèlman lekòl la pami 5% ki pi ba nan Commonwealth la selon MCAS, men divès disparate akademik ant elèv Blan ak Nwa/Latino yo, elèv ki andikape (SWDs) ak

<sup>1</sup> Mwens pase 3% popilasyon elèv Mission Hill idantifye kòm Azyatik.

<p><i>ak lòt egalite? Ki konsekans ki pa volontè ki posib? Ki estrateji konplemantè ki pral pèmèt pwosesis egalite a vanse pi lwen?</i></p>	<p>aprenan anglè yo (ELs) te pèsiste. Divès done resan sou ranvwa kondwit yo endike egalman: 418 referans konpòtmantal jiska jounen jodi a ane lekòl sa, 51% te pou SWD YO, 70% se te gason, 27% Latino, ak 38% Nwa. Okontrè, 26% elèv total yo se SWD, 57% gason, 28% se Latino, ak 40% Nwa.</p> <p>Nan fèmen lekòl la, distri a pral:</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• Imedyatman retire elèv yo nan yon kilti ki te fè enpak negativman sou kwasans plizyè elèv.</li> <li>• Ogmante pwobabilite ke elèv yo alabri de ensidan vèbal yo ak fizik yo ant elèv yo oubyen entimidasyon</li> <li>• Ogmante pwobabilite ke elèv ki andikape yo pral jwenn yo satisfè ak bezwen edikatif yo.</li> <li>• Ogmante pwobabilite ke tout elèv yo pral jwenn aksè ak ansèyman alinye ak nòm yo, nivo klas li.</li> </ul>
<p><b>6 Bidjè ak Ekzekisyon</b>  <i>Ki enpak bidjè a fè? Kòman egzekisyon an ap asire tout objektif yo, sitou objektif ki gen rapò ak egalite yo, reyalize? Ki Idantite gwoup ekip egzekisyon an, epi èske y ap pote yon vizon egalite?</i></p>	<p>Konsiltasyon avèk Planifikasyon ak Analiz (Panda), Sèvis D akèy yo, epi Enskripsyon an kou. Yon analiz PandA montre ke genyen sifizamman plas pou plase tout elèv yo nan lekòl nivo 1 yo oubyen 2 apwoksimite. Biwo Edikasyon Espesyal la pral travay pou asire ke elèv ki andikape yo plase nan salklas enklizyon, epi Biwo Aprenan Anglè yo pral plase EL yo nan Lekòl avèk sipò apwopriye yo. Sèvis D akèy yo pral founi twa espesyalis devwa pou kenbe reyinyon an pèsòn oubyen vityèl yo avèk fanmi yo.</p> <p>Mizannèv la pral dirije tankou swivan:</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• Yon ekip tranzisyon pral soutni elèv yo, pèsònèl la, ak fanmi yo, ki gen ladan yo travayè sosyal yo ak manm Biwo Kapital Imen ak Biwo Rekritman, Kilti, ak Divèsite.</li> <li>• Resewwa lekòl yo pral plase elèv yo estratejikman epi siveye ajisteman elèv yo.</li> </ul> <p>Enpak bidjè yo kapab gen ladan yo:</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• Resewwa lekòl yo kapab bezwen finansman adisyonèl pou reponn ak edikasyon jeneral e ak bezwen elèv enklizyon yo, ki gen ladan yo pèsònèl sal resous adisyonèl posib yo.</li> <li>• Kèk elèv kapab bezwen sèvis konplemantè, ki gen ladan I divès konsèy.</li> <li>• Kèk pèsònèl kapab pa jwenn pozisyon nan distri a, epi pral apre sa plase antan ke kapasite pwofesonèl apwopriye.</li> </ul>
<p><b>7. Responsabilite ak Kominikasyon</b>  <i>Kòman yo pral evalye enpak, dokimante epi kominike yo ak aksyonè yo? Ki moun ki pral responsab?</i></p>	<p>Kabinè Hinckley Allen nan ap mennen de faz adisyonèl nan ankèt li a. Dezyèm faz la pral konsantre sou enkondwit anplwaye yo, ki gen ladan yo echèk defo pou sinyale ensidan yo ant elèv yo. Twazyèm faz la pral konsantre sou garanti elèv la kapab mete an plas pou garanti ke chak lekòl BPS sèten pou tout elèv yo.</p> <p>Semèn sa, yo pral voye yon lèt bay tout anplwaye BPS yo pou reyitere obligasyon yo pou sinyale tout ensidan ki sisibti pou vyole politik anti-entimidasyon yo oubyen ekite distri a (sikilè) oubyen ki kapab gen ladan I maltretans oubyen negligians anvè timoun yo.</p> <p>Pèsònèl ak fanmi Mission Hilland yo pral resewwa yon seri komunikasyon - vityèlman ak alekri - pou soutni tranzisyon yo.</p> <p>Ekip tranzisyon an pral rapòte I tounen bay Komite Lekòl la ansanm ak publik la sou pwogrè nan plase divès elèv, ak lòt chanjman ki lakoz Faz 2 ak 3 envestigasyon nan Hinckley Allen yo.</p>